



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 21.4 MILYON DOLA POU FONI SÈVIS SIPÒ POU IKRENYEN KI DEPLASE YO K AP VIV NAN NEW YORK

Finansman federal pou sipòte 17 founisè sèvis refijye k ap ede Ikrenyen ki te deplase soti nan peyi yo akòz envazyon Larisi a

Pwogram 'Ini pou Ikrèn' lan te mennen apeprè 14,000 Ikrenyen nan Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 21.4 milyon dola pou ede Ikrenyen ki te kouri kite peyi yo akoz envazyon militè Larisi a pou yo vin viv tanporèman nan Eta New York. 17 founisè sèvis refijye atravè eta a pral itilize finansman an pou ede Ikrenyen ki deplase yo k ap viv kounye a nan New York.

"Nou fyè pou nou kontinye akeyi moun ke yo te fòse yo kouri kite peyi yo pa atak vyolan kontinyèl ak enjis Larisi a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kòm kay pi gwo popilasyon Ikrenyen an nan peyi Etazini, New York pral rete enkondisyonèl nan sipò n ap bay pèp Ikrèn lan. Finansman federal sa a enpòtan anpil pou pèmèt founisè sèvis refijye yo byen ede fanmi Ikrenyen yo pandan y ap ajiste nan yon nouvo lavi isit la nan Eta New York."

Apeprè 75,000 moun te vini Etazini soti an Ikrèn depi lè Larisi te lanse atak yo a, ki gen ladan apeprè 14,000 nan New York, atravè pwogram Ini pou Ikrèn (Uniting for Ukraine) gouvènman federal la. Pwogram sa a te bay yon chemen pou Ikrenyen ki deplase yo ak manm fanmi yo pou yo rete Etazini pou jiska dezan. Patisipan yo dwe gen yon sipòtè Etazini ki bay yo sipò finansye pou dire sejou yo a.

Nouvo finansman sa a, ki soti nan Biwo pou Reyentegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement) Depatman Sèvis Sante ak Imen Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services) an, pral itilize pou konplete efò ki egziste deja pou bay sèvis sipò atravè Ini pou Ikrèn, Sèvis sipò yo dwe bay yo enkli èd travay, jesyon ka, fòmasyon konpetans, angle kòm dezyèm lang, epi, lè sa nesesè, asistans lojman ak manje pou site sa yo sèlman.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "New York depi lontan rete yon limyè espwa pou moun ki chape anba pèsekisyon epi ki te deplase akòz lagè atravè mond lan. Finansman sa a pral ede asire ke moun ki te rive soti an Ikrèn pral gen resous yo bezwen pou yo jwenn sekirite ak estabilite.

Organizasyon k ap resevwa finansman yo gen plizyè ane eksperyans nan ede refijye yo ak imigran yo pou yo adapte yo ak yon nouvo kay epi pwospere kòm yon pati nan kominate a e nou rekonesan pou efò yo."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Nou kanpe ak pèp Ikrèn lan, kit se ba yo èd yo bezwen pou yo goumen kont envazyon terib san pwovoke Larisi a, oswa pou ede yo bati yon lavi isit nan New York. 21 milyon dola nan asistans federal sa a pral ede refijye gè Ikrèn yo nan New York jwenn sipò yo bezwen nan men gwoup kominotè yo soti nan Buffalo ak Rochester rive nan Vil New York. Pèp Ikrenyen an ap lite ak anpil kouraj, epi New York ak Etazini ap toujou kanpe bò kote yo."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Mwen kontan dèské Gouvènè Hochul ap travay ansanm ak gouvènman federal la pou ede sipòtè fanmi Ikrenyen ki deplase yo nan New York. Finansman sa a pral kontribiye anpil pou de fanmi sa yo jwenn opòtinite travay epi yo pral ede yo kenbe manje sou tab yo ak yon twati sou tèt yo. Pandan Larisi ap kontinye fè atwosite meprizab an Ikrèn, nou dwe kontinye fè tout sa nou kapab pou ede moun ki pi afekte yo."

Nan debi ane sa a, Gouvènè a te anonse yon [Dekrè Egzekitif](#) pou entèdi ajans eta yo ak otorite yo fè kontra ak antite ki kontinye fè biznis nan Larisi. Nan debi mwa mas la, Gouvènè Hochul [te anonse mezi](#) pou ranfòse Aplikasyon sankson Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) kont Larisi, ki enkli acha akselere teknoloji analistik blockchain siplémentè. An fevriye, Gouvènè Hochul [te bay lòd](#) pou tout ajans eta yo ak otorite yo retire fon publik nan men Larisi epi sispann fè biznis ak konpayi Ris yo.

Gouvènè a [te lanse yon sitwèb](#) ki gen resous pou Ikrenyen ak fason Nouyòkè yo ka ede. Founisè sèvis refijye sa yo te resevwa finansman:

Organizasyon	Lokalite	Kantite Lajan
U.S. Committee for Refugees and Immigrants (Komite pou Refijye ak Imigran nan Etazini)	Albany	\$382,143
Catholic Charities of Long Island (Charite Katolik nan Long Island)	Amityville	\$1,775,841
Catholic Charities of Buffalo (Charite Katolik nan Buffalo)	Buffalo	\$300,000
International Institute of Buffalo (Enstiti Entènasional Buffalo)	Buffalo	\$300,000
Journey's End Refugee Services (Sèvis Refijye Journey's End)	Buffalo	\$300,000
Jewish Family Services of WNY (Sèvis Fanmi Jwif nan WNY)	Buffalo	\$300,000
International Rescue Committee (Komite Sovtaj Entènasional)	New York City	\$3,377,068

Catholic Charities Community Services (Sèvis Kominotè Charite Katolik)	New York & Hudson Valley	\$4,904,034
Commonpoint Queens	Queens	\$3,377,068
CAMBA	Brooklyn	\$3,377,068
Catholic Charities Family and Community Services (Sèvis Kominotè ak Familyal Charite Katolik)	Rochester	\$776,328
World Relief	Rochester	\$776,328
Interfaith Works of Central New York	Syracuse	\$300,000
Catholic Charities of Onondaga County (Charite Katolik Konte Onondaga)	Syracuse	\$300,000
Refugee and Immigrant Self-Empowerment (Otonomi Refijiye ak Imigran)	Syracuse	\$300,000
The Center	Utica	\$300,000
Asosyasyon Sivik Ameriken (American Civic Association)	Binghamton	\$300,000

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418